



EDUCATION COUNCILS

Aplikasyon pou pòs ki vid 2025- 2027 – KONSEY EDIKASYON VIL NOUYÒK

Dire manda 1ye jiyè 2025 - 30 jen 2027

SEKSYON I: ENFÒMASYON SOU APLIKAN AN

Non: _____ Siyati: _____

Imèl: _____ Telefòn: _____

Di nan ki konsèy Edikasyon Kominote (Community Education Council, CEC) w ap aplike: Gade seksyon “KIYÈS KI ELIJIB POU APLIKE,” nan eksplikasyon ki nan paj 8 la.

CHWAZI YONN SÈLMAN

- Distri konsèy edikasyon kominote (CEC): _____
- Pòs D75 nan distri CEC: _____
- Konsèy Vil la pou lekòl segondè (CCHS): _____
- Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal (CCSE)
- Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang anglè (CCELL)
- Konsèy Vil la pou Distri 75 (CCD75)

VERIFIKASYON ELÈV

Elèv 1

Non elèv la: _____ Sa moun sa a ye pou timoun lan: _____

Klas elèv la ap fè: _____ Non/DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 1 an ye

- Edikasyon jeneral
- Sèvis edikasyon espesyal /IEP
- ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL)
- Pwogram Distri 75

Elèv 2

Non elèv la: _____ Sa moun sa a ye pou timoun lan: _____

Klas elèv la ap fè: _____ Non/DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 2 an ye

- Edikasyon jeneral
- Sèvis edikasyon espesyal /IEP
- ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL)
- Pwogram Distri 75

Elèv 3

Non elèv la: _____ Sa moun sa a ye pou timoun lan: _____

Klas elèv la ap fè: _____ Non/DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 3 a ye

- Edikasyon jeneral
- Sèvis edikasyon espesyal /IEP
- ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL)
- Pwogram Distri 75

VERIFIKASYON ELIJIBLITE

Reponn kesyon pi ba yo. Yo ka mande w reponn lòt kesyon pou konfime elijiblite w. Gade kondisyon elijiblite ki nan eksplikasyon sou aplikasyon an. **Pa kite okenn seksyon vid.**

Èske w ap travay kounye a pou Depatman Edikasyon (Department of Education, DOE)?

WI NON

Si w reponn wi, tanpri mete tit ou ak adrès kote w ap travay la:

Èske w okipe yon pòs nan biwo publik oswa yo te eli w oswa nome w nan yon fonksyon yon gwooup te eli oswa nonmen w, epi pòs sa a pa yon pòs delege ni delege ranplasan nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè eta, yon kongrè jidisyè oswa yon lòt pati, oswa èske w se manm yon komite nan yon konte (*county*)?

WI NON

Si w di wi, tanpri dekri l:

Èske yo janm kondane w, oswa èske w janm plede koupab/pa konteste chaj, deli oswa krim nan eta sa a oswa lòt kote? Sonje: Yo pa egzije w pou devwale vyolasyon, enfraksyon, oswa ofans ke yo te eliminate, efase oswa fèmèn; oswa ofans lè w te jèn oswa ka yo kalifye kòm yon jenn delenkan.

WI NON

Si w di wi, tanpri dekri l:

Èske yo te janm mete w deyò nan yon Asosyasyon Paran/Asosyasyon Pwofesè Paran (PA/PTA), Ekip lidèchip lekòl (SLT), Konsèy prezidan distri, Konsèy borough pou lekòl segondè, Komite Tit I, yon konsèy lekòl kominote, yon konsèy edikasyon distri kominote, Konsèy lekòl segondè Vil la, Konsèy pou elèv k ap aprann lang anglè, Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal oswa Konsèy Vil la pou Distri 75?

WI NON

Si w di wi, tanpri dekri l:

SEKSYON II: PWOFIL PIBLIK APLIKAN AN

Tout enfòmasyon ou mete nan seksyon sa a, san rès aplikasyon an pa ladan, ap disponib pou konsèy la.

Non aplikan an

Non: _____

Siyati: _____

Imèl: _____

Telefòn: _____

Elèv 1 – Mete sèlman lekòl yo; pa mete non elèv yo.

Non lekòl la: _____

DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 1 an ye

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Edikasyon jeneral | <input type="checkbox"/> ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL) |
| <input type="checkbox"/> Sèvis edikasyon espesyal /IEP | <input type="checkbox"/> Pwogram Distri 75 |

Elèv 2

Non lekòl la: _____

DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 2 an ye

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Edikasyon jeneral | <input type="checkbox"/> ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL) |
| <input type="checkbox"/> Sèvis edikasyon espesyal /IEP | <input type="checkbox"/> Pwogram Distri 75 |

Elèv 3

Non lekòl la: _____

DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 3 an ye

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Edikasyon jeneral | <input type="checkbox"/> ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL) |
| <input type="checkbox"/> Sèvis edikasyon espesyal /IEP | <input type="checkbox"/> Pwogram Distri 75 |

Elèv 4

Non lekòl la: _____

DBN lekòl la: _____

Pwogram elèv 4 la ye

- | | |
|--|---|
| <input type="checkbox"/> Edikasyon jeneral | <input type="checkbox"/> ESL/pwogram an de lang (Dual Language, DL) |
| <input type="checkbox"/> Sèvis edikasyon espesyal /IEP | <input type="checkbox"/> Pwogram Distri 75 |

SEKSYON II: PWOFIL PIBLIK APLIKAN AN (suit)

Deklarasyon kandida a

Dekri nan ki aktivite ki gen rapò avèk lekòl, aktivite komunitè oswa sivik ou te patisipe ki fè w kwè ou se yon kandida solid.

SEKSYON III DJÒB APLIKAN AN

Mete non chak konpayi/biwo (biznis aplikan an genyen tou):

- Kote ou te resevwa plis pase 1000 mil dola pou sèvis ou te bay oswa pou machandiz ou vann oswa pwodui ak/oswa
- Kote yo peye w kòm yon manm, ajan, direktè, oswa administratè

Mete klèman “N/A” si seksyon sa a pa konsène w.

N/A

NON KONPAYI/BIWO KOTE APLIKAN AN AP TRAVAY (Dat anplwa)	Tanpri di tit djòb ou a ak yon deskripsyon kout djòb w ap fè a.	Èske òganizasyon an fè biznis avèk DOE, ladan Distri lekòl kominotè yo ? Repons: Wi, Non, oswa mwen pa konnen	Èske djòb ou a egzije pou kominike avèk DOE? Si wi, di avèk kiyès ou kominike, sou kisa komunikasyon sa yo fèt, epi si w kominike avèk nenpòt estaf DOE ki nan distri lekòl kominotè ou vle sèvi a.
Pa egzanp: Staples	Pa egzanp: Manadjè magazen	Pa egzanp: Wi	Pa egzanp: Li vann materyèl ba DOE men li pa vann ba distri X

PÒS VOLONTÈ APLIKAN AN

Site tout òganizasyon kote ou genyen yon pòs oswa pozisyon kòm volontè (kote yo pa peye w), paegzanp ajan, direktè oswa administratè. PA site òganizasyon kote se yon manm ou ye sèlman.

Mete klèman “N/A” si seksyon sa a pa konsène w.

N/A

NON ÒGANIZASYON AN	Bay tit ou oswa dekri ak kèk mo aktivite ou te fè kòm volontè a.	Èske pozisyon volontè w la egzije pou kominike avèk DOE? Si wi, di avèk kiyès ou kominike, sou kisa komunikasyon sa yo fèt, epi si w kominike avèk nenpòt estaf DOE ki nan distri lekòl kominotè ou vle sèvi a.	Èske òganizasyon kote ou travay la fè biznis avèk DOE, tankou Distri lekòl kominotè yo? Repons: Wi, Non, oswa mwen pa konnen
Pa egzanp: Tree Top Inc.	Pa egzanp: Cooperative Nursery	Pa egzanp: Prezidan	Pa egzanp: Non

ENVESTISMAN APLIKAN AN

RANPLI SEKSYON SA A SÈLMAN SI W AP APLIKE POU YON KONSEY EDIKASYON KOMINOTE

Site tout biznis kote ou gen yon dwa pwopriyete omwen 5% oswa 10 000 dola (kèlkeswa sa ki pi piti a) apati dat w ap ranpli fòm sa a. PA site okenn konpayi ki nan biznis estòk makèt (*traded company*), amwenske ou gen yon pozisyon nan konpayi a (tankou ajan, direktè, anplwaye).

Mete klèman “N/A” si seksyon sa a pa konsène w.

N/A

NON KONPAYI AN	POUSANTAJ DWA PWOPRIYETE/ KANTITE ENVESTISMAN	POZISYON OU OKIPE	Èske konpayi kote ou travay la fè biznis avèk DOE, ladan Distri lekòl kominotè yo? Repons: WI, Non, oswa mwen pa konnen
Pa egzanp: Jones Supply Company	Pa egzanp: 52%	Pa egzanp: Prezidan	Pa egzanp: NON

ENVESTISMAN MARI/MADAN APLIKAN AN OSWA PATNÈ ANREJJISTRE K AP VIV AVÈK LI AK TIMOUN EMANSIPE

RANPLI SEKSYON SA A SÈLMAN SI W AP APLIKE POU YON KONSEY EDIKASYON KOMINOTE

Site tout biznis kote mari w/madanm ou oswa patnè k ap viv nan kay avèk ou ak ptit ou ki poko majè gen dwa pwopriyete omwen 5 % oswa 10000 dola (kèlkeswa sa ki pi piti) apati dat w ap ranpli fòm sa a. PA mete okenn konpayi ki nan biznis estòk makèt piblikman, amwenske ou gen yon pozisyon nan konpayi a (tankou ajan, direktè, oswa anplwaye).

Mete klèman “N/A” si seksyon sa a pa konsène w.

N/A

MARI/MADANM, PATNÈ K AP VIV AVÈK OU, OSWA NON TIMOUN AK LYEN YO GEN AVÈK OU	NON KONPAYI AN	POUSANTAJ DWA PWOPRIYETE/ KANTITE ENVESTISMAN	POZISYON OU OKIPE	Èske konpayi kote ou travay la fè biznis avèk DOE, ladan distri lekòl kominotè yo? Repons: WI, Non, oswa mwen pa konnen
Pa egzanp: James Smith, Mari	Pa egzanp: Jones Supply Company	Pa egzanp: 52%	Pa egzanp: Prezidan	Pa egzanp: NON

ATESTASYON

Mwenmenm, (ekri non an byen klè) _____, sètifye tout enfòmasyon mwen bay la a vre ak egzat selon tout sa mwen konnen.

Dapre Seksyon 175.30 Lwa Penal Leta Nouyòk:

"Yon moun koupab nan dezyèm degre poutèt li bay fo dokiman pou klase nan dosye l, lè l konnen yon dokiman ekri gen ransèyman oswa deklarasyon ki fo ladan l, li bay oswa prezante dokiman an ba yon biwo biblik oswa yon fonksyonè leta pandan li sèten oswa li kwè ke y ap klase dokiman an, y ap mete l nan dosye, oswa y ap konsève l kòm dosye kote dokiman sa a pral fè pati dosye biwo leta sa a oswa anplwaye leta sa a."

Mwen konnen ke lè mwen bay fo enfòmasyon nan aplikasyon mwen an, sa ka lakoz yo pran sanksyon kriminèl kont mwen ak/oswa yo ka diskalifye m oswa retire m nan yon Konsèy Edikasyon Vil Nouyòk.

Lè m siyen paj sa a, mwen verifye ke mwen li ak konprann kondisyon elijiblite pou m vin manm nan yon CCEC, epi mwen konprann responsablite m kòm yon manm si yo ta eli mwen.

MWEN KONPRANN SI YO ELI M, MWEN GEN OBLIGASYON POU M

- Travay san mwen pa touche pou sa (se yon pozisyon volontè).
- Ale nan reyinyon konsèy la chak mwa ak nan lòt reyinyon oswa deba ki gen rapò avèk travay Konsèy la; epi patisipe nan komite.
- Motive nan enterè bezwen tout elèv pa sèlman nan enterè pwòp ptit mwen an.
- Pote atansyon nan bezwen fanmi ki gen diferan kilti ak lang.
- Kolabore avèk tout manm Konsèy mwen an menm jan an tou avèk estaf DOE.
- Patisipe nan pwogram fòmasyon omwen yon fwa pa ane.
- Pran angajman pou travay avèk dilijans pou amelyore sistèm lekòl leta nou an.

Nou ka kontakte mwen nan nimewo telefòn sa a si nou ta gen nenpòt kesyon konsènan aplikasyon mwen an:

NIMEWO TELEFÒN: _____

SIYATI ELEKTWONIK (E-Signature): _____ DAT: _____

EKRI NON APLIKAN AN BYEN KLÈ: _____

EKSPLIKASYON POU SOUMÈT FÒM LAN:

Aplikasyon sa a mande enfòmasyon ki ta dwe rete konfidansyèl (paegzanp non timoun yo, adrès kay ou). Tanpri imèl aplikasyon ou ranpli a ba Office of Family and Community Empowerment (FACE) nan CCECInfo@schools.nyc.gov oswa poste l nan adrès 52 Chambers Street, room 405, New York, NY 10007. PA VOYE L BA YON KONSEY EDIKASYON POU KOMINOTE (CEC).

EKSPLIKASYON

PA kite okenn seksyon vid. Si gen yon pòsyon aplikasyon an ki pa gen anyen pou wè avèk ou, tanpri mete “N/A” nan espas sa a.

Jwenn DBN pou lekòl pitit ou a:

Chak lekòl gen yon DBN ki pou li sèlman (Nimewo Distri, Borough ak lekòl). Pou jwenn DBN lan, ale sou <https://www.schools.nyc.gov/find-a-school> epi tape non lekòl la nan kazyre rechèch la. Depi w fin jwenn lekòl ki kòrèk la, mete non distri a, borough a ak nimewo lekòl la.

Tanpri itilize: M = Manhattan; X = Bronx; K = Brooklyn; Q = Queens; R = Staten Island.

Rezime kondisyon elijiblite yo:

Règleman Chanselye (*Chancellor's Regulations*) D-140, D-150, D-160, ak D-170 se dokiman ki gen kondisyon elijiblite kòm manm CEC. Ou ka jwenn tout règleman an sou entènèt nan: <https://www.schools.nyc.gov/about-us/policies/chancellors-regulations>. Yo detèmine elijiblite nan moman aplikasyon an.

Kiyès ki elijib pou aplike:

- Pou Konsèy Vil la pou lekòl segondè (Citywide Council on High schools, CCHS) - Paran elèv ki nan lekòl segondè aktyèlman.
- Pou Konsèy Vil la pou elèv k ap aprann lang lang anglè (Citywide Council on English Language Learners, CCELL) - Paran elèv ki nan yon pwogram bileng oswa ESL (“Elèv ELL”) kounye a oswa nan de ane avan yo.
- Pou Konsèy Vil la pou edikasyon espesyal (Citywide Council on Special Education, CCSE) – Paran elèv ki gen IEP k ap resevwa nan moman an sèvis Edikasyon espesyal DOE ofri ak/oswa peye.
- Pou Konsèy Vil la pou Distri 75 (Citywide Council for District 75, CCD75) - Paran elèv ki nan yon pwogram oswa lekòl Distri 75.
- Pou Konsèy edikasyon komonite (Community Education Council, CEC) - Paran elèv ki nan klas Kindergarten rive klas 8yèm ane oswa nan yon pwogram Pre-k, ki nan yon lekòl leta ki pa yon lekòl charter school oswa yon pwogram Pre-K nan distri kote aplikan yo ta renmen vin manm CEC a. Depi yo fin eli yo paran elèv ki nan klas Kindergarten rive 8yèm ane nan moman aplikasyon an, yo pèmèt yo sèvi manda dezan an kèlkeswa kote elèv la ale lekòl la. Paran elèv ki nan yon pwogram Pre-K nan moman l ap ranpli aplikasyon an pa p elijib pou vin manm si pitit li a pa nan yon lekòl oswa yon pwogram Pre-K nan distri kote paran an se manm nan CEC a ankò.
- Pou pòs distri 75 lan nan chak CEC – Paran elèv ki aktyèlman nan yon lekòl oswa pwogram Distri 75 ki nan distri jewografik CEC a fizikman. Lè yo fin eli manm lan nan D75, paran an gen dwa pou sèvi pandan tout dire manda dezan yo a, kelkeswa kote pitit yo ale lekòl la.

Dapre règleman Chanselye a, yo defini paran kòm yon paran, responsab legal, oswa yon moun ki gen yon lyen parante avèk yon timoun. Yon moun ki gen yon lyen parante avèk yon timoun se yon moun ki responsab dirèkteman swen ak kontwòl yon timoun regilyèman nan plas yon paran oswa yon responsab legal.

Kiyès ki pa elijib pou vin manm:

- Moun yo eli nan yon pòs piblik oswa moun yo nonmen oswa eli nan pòs yon pati (eksepte delege oswa delege ranplasan nan yon kongrè nasyonal, yon kongrè leta, oswa kongrè yon lòt pati, oswa manm nan komite yon konte (county)).
- Anplwaye k ap travay nan DOE kounye a.
- Manm Komite pou règleman nan edikasyon (Panel for Educational Policy, PEP).
- Moun reprezantan etik DOE oswa lòt reprezantan Chanselye a jije ki gen yon konfli enterè.

Kiyès ki pa elijib pou vin manm:

- Moun ki resevwa yon lèt revokasyon ofisyèl ki soti nan yon PA/PTA, yon Ekip lidèchip lekòl (School Leadership Team, SLT), Yon Konsèy distri oswa borough, yon PAC Tit I, yon komite egzekitif lekòl kominote, yon CEC, CCHS, CCELL, CCD75 oswa CCSE pou yon move zak, oswa ke yo te kondane pou yon krim ki gen rapò dirèk pou sèvi nan asosyasyon sa a, ekip, konsèy oswa komite a.
- Moun yo te kondane pou yon krim gen dwa pa elijib pou vin manm. Y ap konsidere nenpòt nan kondanasyon sa yo dapre atik venntwa A dwa penal pou detèmine elijiblite pou vin manm.